

Deklarasyon sou Dwa Eta New York pou Timoun ak Jenn nan Fanmi Akèy

Tout jenn ki nan akèy yo gen dwa pou yo viv nan yon aviwonman ki an sekirite, jwenn aksè nan resous edikatif, resevwa sèvis sipò medikal ak sante mantal, epi yo pa ekspoze a move tretman/abi, eksplwatasyon, oswa izolasyon. Tanpri li deklarasyon dwa sa a pou w aprann plis sou dwa w pandan w nan akèy la.

Antanke yon timoun oswa jenn adilt nan fanmi akèy nan Eta New York, mwen gen dwa pou sa ki annapre yo:

DWA JENERAL

1. Pou viv nan yon aviwonman ki sanble lakay mwen ki satisfè bezwen mwen yo, epi ki pran swen m, an sante, epi ki alabri danje. Mwen gen dwa pou m gen ase manje, rad adekwat, ak yon espas prive kote mwen ka estoke afè m yo san danje.

2. Pou yo plase m ak yon fanmi m oswa yon adilt avèk yon moun mwen gen yon koneksyon solid si gen youn ki disponib pou bay swen apwopriye ak sipò pandan mwen nan akèy la.

3. Pou jwenn èd mwen bezwen an, ki gen ladan nenpòt ki sèvis ki apwopriye.

4. Pou yo trete m san patipri ak respè, epi pou yo pa trete m yon fason diferan kèlkeswa ki moun mwen ye, kijan mwen sanble, ki kote mwen soti, nan kisa mwen kwè, ki moun mwen renmen, kijan mwen idantifye, oswa bagay mwen ka fè.

- Sa vle di yo pa ta dwe fè diskriminasyon kont mwen ki baze sou ras, kwayans (lafwa oswa kwayans), koulè, orijin nasyonal, laj, relijyon, sèks, idantite seksyèl, oswa ekspresyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, eta sivil, andikap (fizik, emosyonèl, kapasite mantal), oswa paske m nan fanmi akèy.

5. Pou yo trete m san patipri lè m fè erè oswa pa konpòte m oswa swiv règ yo.

- Laj mwen, andikap, matirite ak nivo devlopman, ak bezwen sosyal, fizik, mantal ak medikal mwen dwe konsidere ak anpil atansyon lè m ap detèmine ki konsekans ki apwopriye.
- Nenpòt konsekans dwe rezonab epi adapte ak konpòtman mwen.
- Mwen pa ka gen kontak limite ak fanmi mwen oswa jwenn refi nan okenn fason kòm yon fòm disiplin.

- Pou m pa jwenn pinisyon mechan, sevè, oswa initil, tankou blesi fizik, fèmèn nan yon chanm; separe ak lòt moun; pa gen dwa manje, bwè dlo, oswa dòmi; oswa dòmi nan yon kote ki pa nòmalman itilize pou dòmi.

6. Pou patisipe nan aktivite ak eksperyans menm jan ak kamarad mwen ki apwopriye pou laj mwen ak devlopman mwen. Sa yo gen ladan bagay tankou lekòl, espò, ete epi eksperyans travay. Mwen gen dwa tou pou m jwenn sipò pou m pratike relijyon, kilti, epi tradisyon m yo lib.

7. Pou resevwa, gratis, yon kopi rapò sou kredi konsomatè mwen chak ane depi lè mwen gen 14 lane jiskaske mwen kite fanmi akèy.

Mwen gen dwa pou m resevwa èd pou m konprann rapò sa yo epi pou m repare nenpòt erè ladan yo.

8. Pou m jwenn èd pou m aplike pou pèmi oswa lisans chofè mwen lè mwen gen omwen 16 lane epi/oswa mwen ap aplike pou yon idantite ki pa chofè a nenpòt laj.

9. Pou resevwa èd jiridik avèk estati imigrasyon apwopriye, konfidansyèl.

10. Pou resevwa yon kopi sètifika nesans, Kat Sekirite Sosyal, enfòmasyon sou asirans sante, dosye medikal, dosye edikasyon, ak yon lisans chofè oswa kat idantite leta bay, si mwen kalifye.

11. Pou dakò rete nan fanmi akèy apre Mwen gen 18 lane jiskaske m vin gen 21 lane.

12. Pou resevwa yon plan tranzisyon pèsònèl anvan m kite fanmi akèy la nan laj 18 lane oswa plis ki reponn ak bezwen mwen epi ki gen ladan l enfòmasyon sou lojma, asirans sante, edikasyon, opòtinite lokal pou konseye, sèvis sipò kontinyèl, sipò pou mendèv, ak sèvis travay.

13. Pou enfòmasyon mwen ka mande pou m tounen nan fanmi akèy (antre ankò) ant laj 18 epi 21 lane.

- Antre ankò nan fanmi akèy se yon posibilite sèlman si mwen kite fanmi akèy la apre mwen fin gen 18 lane, oswa si mwen kite fanmi akèy la apre 16 lane epi mwen vin sanzabri, oswa si mwen riske vin sanzabri sof si mwen ale tounen nan fanmi akèy.

14. Pou yo bay yon fòm ki montre prèv mwen te nan fanmi akèy si mwen te kite fanmi akèy nan laj 18 lane oswa plis epi mwen te nan fanmi akèy pou omwen 6 lane.

15. Pou m enfòmè si mwen ka elijib pou asirans sante kontinyèl jiskaske mwen gen 26 lane kèlkeswa konbyen tan mwen te nan fanmi akèy.

16. Pou viv ak, pran swen, epi pran desizyon pou pitit mwen (yo) si mwen se yon paran sof si tribinal la di mwen pa kapab.

VIZIT

17. Pou m wè paran mwen omwen chak semèn sof si yo pèdi dwa paran yo, oswa tribinal la oswa ajans lan di vizit la gen danje. Mwen gen dwa pou m rele paran mwen otan mwen ta vle.

18. Pou m viv ak frè m yo. Si mwen pa abite ak frè ak sè m yo, lè sa mwen gendwa vizite yo regilyèman sof si tribinal la di mwen pa kapab. Si mwen pa kapab, lè sa mwen gen dwa pou m konnen poukisa.

EDIKASYON

19. pou m rete nan lekòl mwen ye kounye a sof si ajans mwen an deside, avèk opinyon mwen, chanje lekòl se nan enterè mwen.

20. Pou resevwa èd nan idantifye finansman pou edikasyon ak fòmasyon, epi pou ranpli ak soumèt aplikasyon pou èd finansye, sibvansyon, prè elèv, ak aplikasyon pou kolèj ak pwogram pwofesyonèl ki nan oswa andeyò eta New York.



**Office of Children
and Family Services**

Pub. 2001-HC (Rev. 09/2023)

SWEN SANTE

21. Pou resevwa sèvis sante otan sa nesèsè, san wete medikal; dantè; vizyon; mantal ak konpòtman; epi seksyèl, ki reflete sèks, ak sèvis repwodiktif.

22. Pou eksprime santiman mwen konsènan kalite swen m ap resevwa ak kiyès k ap ban mwen li.

23. Pou yo bay enfòmasyon asirans medikal mwen an epi enfòmasyon sou sèvis sante ki tou pre ak kijan pou kontakte yo.

24. Pou mande ak resevwa èd ak swen sante seksyèl ki reponn ak sèks epi repwodiktif, ki gen ladan kontrasepsyon, avòtman, swen prenatal ak swen prevantif, epi gen dwa pou bay konsantman (di si mwen vle) si pwofesyonèl medikal mwen detèmine mwen kapab pran desizyon sa yo.

PATISIPASYON NAN DOSYE

25. Pou konnen non travayè sosyal epi sipèvizè travayè sosyal. Mwen gen dwa pou gen enfòmasyon kontak yo (imèl, nimewo telefòn). Mwen gen dwa pou m fè travayè sosyal mwen an vizite mwen omwen yon fwa chak mwa. Mwen gen dwa kontakte travayè sosyal mwen an ak sipèvizè yo si mwen bezwen. Mwen gen dwa pou m pale ak travayè sosyal mwen an oswa sipèvizè mwen an an prive.

26. Pou konnen kiyès avoka mwen an ye (Avoka pou timoun nan) epi gen enfòmasyon avoka a (imèl, nimewo telefòn) nan ka mwen bezwen kontakte avoka mwen an. Mwen gen dwa kontakte avoka mwen an lè mwen bezwen epi pale ak avoka mwen an an prive.

27. Pou gen dosye mwen epi enfòmasyon pèsònèl mwen rete prive, mizapa jan lalwa pèmèt. Mwen gen dwa pou mande ki moun ki ka wè dosye mwen yo epi aprann enfòmasyon sou mwen.

28. Pou m gen pouwa decide nan objektif pèmanan mwen.

- Mwen gen dwa pou m patisipe nan Sèvis Planifye Reyinyon pou revize epi di kisa mwen panse ki ta dwe nan plan sèvis mwen an.
- Mwen gen dwa gen tout plan sa yoki gen ladan mwen menm yo dwe eksplike m nan yon fason mwen konprann. Mwen gen dwa pou m poze kesyon epi mande sipò, opòtinite ak sèvis.
- Si mwen gen 14 lane oswa plis, lè sa mwen gen dwa pou patisipe an pèmanans nan odyans nan tribinal la.
- Si mwen poko gen 14 lane, ebyen tribinal la kadeside mwen pa ka oswa mwen kapab patisipe sèlman nan yon sèten fason, epi mwen gen dwa konnen poukisa. Sepandan, mwen ka toujou pataje panse mwen yo ak avoka mwen an.
- Lè mwen gen 14 lane oswa plis, lè sa mwen gen dwa pou m chwazi de moun pou fè pati ekip planifikasyon dosye mwen an. Mwen ka chwazi zanmi, konseye, sipò, pwofesè, oswa nenpòt lòt moun ki pa paran adoptif mwen, manadjè dosye, planifikatè dosye, oswa travayè sosyal. Ajans mwen an dwe genyen yon bon rezon pou di m moun mwen chwazi yo pa ka ladan.

AK KIYÈS MWEN TA DWE PALE SI MWEN SANTI YO VYOLE DWA MWEN

Si w santi yon moun nan planifikasyon dosye w la pa t respekte dwa w yo, ou ka rapòte sa. Ou p ap nan pwoblèm oswa yo p ap pini w.

Ou kapab:

- Eksplike enkyetid ou yo bay travayè sosyal ou a, paran oswa gadyen legal ou, epi petèt jij ou a nan dosye tribinal ou a. Ou ka mande pou pale ak travayè sosyal ou an prive.
- Kontakte sipèvizè travayè sosyal ou a epi eksplike l sityasyon an. Ou ka mande pou pale ak sipèvizè travayè sosyal ou an prive.
- Kontakte avoka w la (Avoka pou timoun nan). Konvèsasyon ou yo ak avoka ou (Avoka pou timoun nan) a konplètman prive. Avoka w la (Avoka Timoun nan) pa ka di okenn lòt moun sou kisa w ap pale eksepte si avoka w la gen pèmision w oswa si sekirite w an danje (pale avèk avoka w la sou sa).
- Kontakte biwo rejyonal OCFS la. Ou ka jwenn yon lis biwo rejyonal yo nan <https://ocfs.ny.gov/directories/regional-offices.php>.

Mwen, _____, te resevwa yon kopi Deklarasyon Dwa Eta New York pou timoun ak jenn ki nan fanmi akèy, epi mwen te diskite sa ak travayè sosyal mwen an, paran mwen (yo) (nesans natirèl oswa adoptif) oswa gadyen legal (yo), epi nenpòt paran fanmi akèy, si genyen. Mwen te reponn kesyon mwen yo epi mwen konprann dwa mwen yo ki endike anwo a.

Non Timoun/Jenn nan (ekri ak lèt detache)	Siyati Timoun/Jenn nan	Dat
Non Travayè Sosyal la (ekri ak lèt detache)	Siyati Travayè Sosyal la	Dat
Non Sipèvizè a (ekri ak lèt detache)	Siyati Sipèvizè a	Dat
Non Paran/Responsab Legal la (ekri an lèt detache)	Siyati Paran/Responsab Legal la	Dat
Non Paran Fanmi Akèy la (ekri ak lèt detache)	Siyati Paran Fanmi Akèy la	Dat